

KAUTAMANIPUN SIYAM ING WULAN SYA'ABAN
Dhening : Muhammad Syafi'i (PAIF Temanggung)

Khutbah I

الْحَمْدُ لِلَّهِ الَّذِي أَحْسَنَ تَدْيِيرَ الْكَائِنَاتِ. وَخَلَقَ الْأَرْضَيْنِ وَالسَّمَوَاتِ. أَشْهَدُ
أَنَّ لَإِلَهِ إِلَّا اللَّهُ. وَحَدَهُ لِأَشْرِيكَ لَهُ أَنْزَلَ الْمَاءَ مِنَ الْمُعْصِرَاتِ وَأَنْشَأَ الْحَبَّ
وَالنَّبَاتِ. وَأَشْهَدُ أَنَّ سَيِّدَنَا مُحَمَّدًا عَبْدَهُ وَرَسُولَهُ ذِي الْمُعْجَزَاتِ
الظَّاهِرَاتِ. اللَّهُمَّ صَلِّ وَسَلِّمْ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ الَّذِي حَصَلَ مِنْ نُورِهِ .
وَجُودِ الْكَائِنَاتِ (أَمَّا بَعْدُ) فَيَا أَيُّهَا الْإِخْوَانُ أَوْصِيكُمْ وَنَفْسِي بِتَقْوَى اللَّهِ
قَالَ تَعَالَى فِي كِتَابِهِ الْكَرِيمِ : ﴿يَا أَيُّهَا الَّذِينَ ءَامَنُوا اتَّقُوا اللَّهَ وَلْتَنْظُرْ نَفْسٌ مَّا
قَدَّمَتْ لِغَدٍ وَاتَّقُوا اللَّهَ إِنَّ اللَّهَ خَبِيرٌ بِمَا تَعْمَلُونَ﴾

Hadirin jama'ah jum'ah, rahimakumullah,

Purwaning atur mangga wonten ing siang punika panjenengan sedaya kula dherekaken tansah muji syukur wonten ngarsa dalem Allah SWT. ingkang sampun paring nikmat, taufik lan hidayahipun, saengga kita pikantuk panjang yuswa, sehat lan sempet, saengga kita sareng-sareng saged nindakaken jama'ah shalat Jum'at kanthi kalis. Pramila kita lairaken kanti ucapan Al-Hamdulillahi rabbil 'alamin.

Sholawat lan salamipun Allah mugè tansah kaparingna ngadhepi wulan Ramadhan dhumateng Nabi Muhammad SAW, keluarga, sahabat lumuntur dhumateng kita sedaya, Allahuma amin.

Sak lajengipun kula ngajak dhateng awak kula pribadi, lumebet dhateng panjenengan sedaya mangga sareng-sareng ningkataken keimanan lan

ketaqwaan kita dhumateng Allah SWT. Tegesipun nindakaken dhawuh-dhawuhipun saha nilar awisan-awisanipun.

Jama'ah jum'ah ingkang kula hurmati,

Wekdal punika kita sampun mlebet wonten wulan Sya'ban, wulan ingkang manggen antawis wulan Rajab lan Ramadhan, wekdal ingkang sanget istimewa kagem wulan Sya'ban ibadah sunah, utaminipun ibadah siyam sunat wonten wulan Sya'ban, minangka pemanasan, latihan ngadhepi wulan Ramadhan. Usamah bin Zaid ngendika: "Ya Rasulullah kula mboten nate ningali panjenengan nindakaken siyam sunah ingkang kathah ten wulan Sya'ban / Kanjeng Nabi Muhammad SAW nindakaken siyam sunah paling kathah wonten wulan Sya'ban.

Kejawi minangka pemanasan, ugi minangka pepiling kagem ingkang nggadahi utang siyam Ramadhan tahun kapengker supados nyaur utangipun, siyam sunah wulan Sya'ban ugi minongko pelengkap siyam wajib wulan Ramadhan. Midherek Ibn Al-Qayyim wonten tiga keutamaan wonten wulan Sya'ban.

Sepisan, Rasulullah SAW katah nindakaken siyam wulan Sya'ban sak derengipun siyam Ramadhan. Kaping kalih, Rasulullah nindakaken siyam wulan Sya'ban kangge paring pakurmatan dhateng wulan Ramadhan. Kaping tigo, wulan Sya'ban minangka wulan ingkang istimewa amalan siyam badhe dipun inggahaken dhateng Allah SWT.

Jama'ah jum'ah, rahimakumullah,

Wulan Sya'ban wulan latihan, pembinaan, lan persiapan diri ngadhepi wulan suci Ramadhan antawisipun inggih punika persiapan iman, persiapan ilmu, persiapan dakwah, persiapan keluarga, persiapan mental lan persiapan jihad ngelawan hawa nafsu.

Ingdalem wulan Ramadhan ingkang badhe dhateng kita dipun anjuraken ngatah-ngatahaken amalan-amalan sunah, kados maos Al-qur'an, dzikir, istighfar, shalat-shalat sunah lan sadaqah. Kangge nglampahi ibadah-

ibadah punika kanthi ringan lan istiqomah kita betahaken katah latihan-latihan. Wulan Sya'ban minangka wulan ingkang tepat kagem berlatih biasakaken diri kanthi nindakaken amal sunah secara tertib lan ajeg. Kanthi makaten wonten wulan Ramadhan kita badhe terbiasa lan enteng anggenipun nglampahi.

Hubungan antawis 3 wulan, Rajab, Sya'ban lan Ramadhan punika dalam konteks saling nyempurnakaken satu kesatuan amalan-amalan kagem umat Islam. Abu Bakar Al Balkhi ngendika :

شَهْرُ رَجَبِ شَهْرِ الزَّرْعِ، وَشَهْرُ شَعْبَانَ شَهْرِ سُقْيِ الزَّرْعِ، وَشَهْرُ رَمَضَانَ
شَهْرُ حَصَادِ الزَّرْعِ

Wulan Rajab minangka wulan menanam, wulan Sya'ban minangka wulan nyirami, mupuk lan matun, wondenten wulan Ramadhan minangka wulan memanen hasil tanaman.

Menawi kepingin kagungan hasil katah sae pramila mangga kita sami ngatah-ngatahaken anggenipun nanem lajeng nyirami, mupuk lan matun ingkang estu. Mboten kasupen mbok bilih wonten penyakit-penyakitipun ingkang badhe ngrisak tanaman inggih kedah kita basmi, kita obati.

Jama'ah jum'ah, rahimakumullah,

Sayyid Muhammad bin Alawi Al-Maliki negasaken wonten wulan Sya'ban katah kemuliaan ing malem Nisfu Sya'ban. Allah SWT badhe ngapunten tiyang ingkang nyuwun ngapunten, mengasihi dhateng tiyang ingkang nyuwun asih, ijabahi do'a dhateng ingkang berdo'a, melapangkan penderitaan tiyang ingkang susah lan mbebasaken sekelompok saking neraka.

Paling boten wonten 3 amalan ingkang dipun-tindakaken wonten malem nisfu Sya'ban, inggih punika ngatah-ngatahaken do'a, maos kalih kalimat shahadat lan ngatah-ngatahaken istighfar.

Mekaten saha semanten atur khutbah siang punika. Nyuwun pangapunten sedaya kalepatan saha kekirangan. Mugi-mugi Allah SWT Maringi rahmatipun dhateng kita lan nyediaaken saha maringi suwarga. Amin ya rabbal'alamin.

مَنْ كَانَ يُرِيدُ حَرْثَ الْآخِرَةِ نَزِدْ لَهُ فِي حَرْثِهِ وَمَنْ كَانَ يُرِيدُ حَرْثَ الدُّنْيَا
نُؤْتِهِ مِنْهَا وَمَا لَهُ فِي الْآخِرَةِ مِنْ نَصِيبٍ ﴿٢٠﴾

بَارَكَ اللَّهُ لِي وَلَكُمْ فِي الْقُرْآنِ الْكَرِيمِ، وَنَفَعَنِي وَإِيَّاكُمْ بِمَا فِيهِ مِنَ الْآيَاتِ
وَالذِّكْرِ الْحَكِيمِ. وَتَقَبَّلْ مِنِّي وَمِنْكُمْ تِلَاوَتُهُ إِنَّهُ هُوَ السَّمِيعُ الْعَلِيمُ

Khutbah II

الْحَمْدُ لِلَّهِ عَلَى إِحْسَانِهِ وَالشُّكْرُ لَهُ عَلَى تَوْفِيقِهِ وَامْتِنَانِهِ. وَأَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ
إِلَّا اللَّهُ وَاللَّهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ وَأَشْهَدُ أَنَّ سَيِّدَنَا مُحَمَّدًا عَبْدَهُ وَرَسُولَهُ
الدَّاعِيَ إِلَى رِضْوَانِهِ. اللَّهُمَّ صَلِّ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِهِ وَأَصْحَابِهِ وَسَلِّمْ
تَسْلِيمًا كَثِيرًا أَمَا بَعْدُ فَيَا أَيُّهَا النَّاسُ اتَّقُوا اللَّهَ فِيمَا أَمَرَ وَأَنْتَهُوا عَمَّا نَهَى
وَاعْلَمُوا أَنَّ اللَّهَ أَمْرُكُمْ بِأَمْرٍ بَدَأَ فِيهِ بِنَفْسِهِ وَتَنَى بِمَلَأَ نِكَتِهِ بِقُدْسِهِ وَقَالَ
تَعَالَى إِنَّ اللَّهَ وَمَلَائِكَتَهُ يُصَلُّونَ عَلَى النَّبِيِّ يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا صَلُّوا عَلَيْهِ
وَسَلِّمُوا تَسْلِيمًا. اللَّهُمَّ صَلِّ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ وَعَلَى آلِ
سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى أَنْبِيَائِكَ وَرُسُلِكَ وَمَلَائِكَتِكَ الْمُقَرَّبِينَ وَارْضَ اللَّهُمَّ عَنِ

الْخُلَفَاءِ الرَّاشِدِينَ أَبِي بَكْرٍ وَعُمَرَ وَعُثْمَانَ وَعَلِيَّ وَعَنْ بَقِيَّةِ الصَّحَابَةِ
والتَّابِعِينَ وَتَابِعِي التَّابِعِينَ لَهُمْ بِإِحْسَانِ الْيَوْمِ الدِّينِ وَارْضَ عَنَّا مَعَهُمْ
بِرَحْمَتِكَ يَا أَرْحَمَ الرَّاحِمِينَ اللَّهُمَّ اغْفِرْ لِلْمُؤْمِنِينَ وَالْمُؤْمِنَاتِ وَالْمُسْلِمِينَ
وَالْمُسْلِمَاتِ الْأَحْيَاءِ مِنْهُمْ وَالْأَمْوَاتِ اللَّهُمَّ أَعِزِّ الْإِسْلَامَ وَالْمُسْلِمِينَ وَأَذِلَّ
الشِّرْكَ وَالْمُشْرِكِينَ وَانصُرْ عِبَادَكَ الْمُوَحَّدِيَّةَ وَانصُرْ مَنْ نَصَرَ الدِّينَ
وَاخْذُلْ مَنْ خَذَلَ الْمُسْلِمِينَ وَدَمِّرْ أَعْدَاءَ الدِّينِ وَاعْلِ كَلِمَاتِكَ إِلَى يَوْمِ
الدِّينِ. اللَّهُمَّ ادْفَعْ عَنَّا الْبَلَاءَ وَالْوَبَاءَ وَالزَّلَازِلَ وَالْمِحْنَ وَسُوءَ الْفِتْنَةِ
وَالْمِحْنَ مَا ظَهَرَ مِنْهَا وَمَا بَطَنَ عَن بَلَدِنَا إِذْ دُونِيسِيَا خَاصَّةً وَسَائِرِ الْبُلْدَانِ
الْمُسْلِمِينَ عَامَّةً يَا رَبَّ الْعَالَمِينَ. رَبَّنَا آتِنَا فِي الدُّنْيَا حَسَنَةً وَفِي الْآخِرَةِ
حَسَنَةً وَقِنَا عَذَابَ النَّارِ. رَبَّنَا ظَلَمْنَا أَنفُسَنَا وَإِن لَّمْ تَغْفِرْ لَنَا وَتَرْحَمْنَا
لَنَكُونَنَّ مِنَ الْخَاسِرِينَ

عِبَادَ اللَّهِ! إِنَّ اللَّهَ يَأْمُرُ بِالْعَدْلِ وَالْإِحْسَانِ وَإِيتَاءِ ذِي الْقُرْبَى وَيَنْهَى عَنِ
الْفَحْشَاءِ وَالْمُنْكَرِ وَالْبَغْيِ يَعِظُكُمْ لَعَلَّكُمْ تَذَكَّرُونَ وَادْكُرُوا اللَّهَ الْعَظِيمَ
يَذْكُرْكُمْ وَاشْكُرُوهُ عَلَى نِعَمِهِ يَزِدْكُمْ وَلَذِكْرُ اللَّهِ أَكْبَرُ